

## Èske yon moun ki kalifye ki jwenn dosye yo oswa dokiman yo kapab divilge yo?

Wi. Yon modifikasyon nan Lwa Jonathan, ki te vin anvigè nan ane 2013, pèmèt moun kalifye a (yo) ki resevwa dosye ak dokiman ki gen pou wè ak ensidan yo kapab rapòte yo divilge yo ba:

- Pwofesyonèl swen sante yo;
- Pwofesyonèl swen sante konpòtmantal yo;
- Ajans lapolis (si moun ki kalifye a kwè te gen yon krim ki te fèt); epi/oswa
- Avoka moun ki kalifye a.

## Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon oswa èd?

- Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Lwa Jonathan nan seksyon 33.23 ak 33.25 Lwa Eta New York sou Sante Mantal (NY Mental Hygiene Law).
- Lwa sou Pwoteksyon Moun ki Gen Bezwen Espesyal (Protection of People with Special Needs Act) (Chapit 501 Lwa 2012 yo).
- Ou kapab jwenn lòt kondisyon pou jwenn dosye ak dokiman ki nan sistèm OPWDD nan Kòd 14 New York, Règ ak seksyon 624.6 ak 624.8 Règleman yo.
- Ou kapab jwenn lòt kondisyon pou aksè nan dosye pasyan yo ak re-divilgasyon dosye ki nan sistèm OASAS nan Kòd 42 Pati 2 Règleman Federal yo.
- Tiliv OPWDD ki rele “Learning About Incidents” (Fason pou Aprann Ensidan) gen enfòmasyon sou aksè nan dosye yo. Li disponib sou sitwèb OPWDD nan [www.opwdd.ny.gov/node/395](http://www.opwdd.ny.gov/node/395).
- Liy enfòmasyon OPWDD se 1-866-946-9733 / TTY: 1-866-933-4889 epi sitwèb la se [www.opwdd.ny.gov](http://www.opwdd.ny.gov).
- Nimewo pou rele Inite Referans ak Enfòmasyon Sant Jistis gratis se 1-800-624-4143 (Pou pale/Panyòl/TTY) ak imèl la se [infoassistance@justicecenter.ny.gov](mailto:infoassistance@justicecenter.ny.gov).



# Lwa Jonathan (Jonathan's Law)

## Avi pou Fè Konnen Ensidan ak Aksè nan Dosye:

Yon Gid pou Moun yo,  
Paran yo ak Responsab Legal yo



Andrew M. Cuomo, Gouvènè

## Entwodiksyon

Tiliv sa a pral ede ou konprann metòd pou jwenn enfòmasyon yo sou ensidan ki gen pou wè ak moun k ap resevwa sèvis yo. Tiliv sa a se yon gid, epi li pa yon dokiman legal. Pou jwenn plis detay sou Lwa Jonathan, tanpri ale nan resous ki endike nan fen tiliv sa a.

### Kisa Lwa Jonathan ye?

Lwa Jonathan te mete anplas metòd sant medikal yo dwe swiv pou bay avi ak enfòmasyon pou paran ak responsab legal timoun ak adilt k ap resevwa sèvis apre ensidan ki konsène moun pa yo. Li pèmèt moun ki kalifye yo tou jwenn sèten dokiman ki gen pou wè ak ensidan yo.

### Kimoun ki se yon moun ki kalifye?

Dapre lwa a, kèk nan moun ki kalifye yo se:

- **Paran oswa lòt responsab legal pasyan minè yo;**
- **Paran, responsab legal, oswa timoun adilt pasyan adilt ki gen otorizasyon legal pou pran desizyon sou swen sante sou non pasyan adilt la; oswa**
- **Pasyan adilt yon tribinal te detèmine ki pa gen konpetans legal.**

### Ki sant medikal lwa a konsène?

Tout sant medikal ajans eta a ap opere, lisansye oswa sètifye dwe respekte kondisyon Lwa Jonathan:

- Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopmantral [Office for People With Developmental Disabilities (OPWDD)]
- Biwo Sante Mantal [Office of Mental Health (OMH)]
- Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg [Office of Alcoholism and Substance Abuse Services (OASAS)]

## Kisa yon “ensidan” ye epi kisa yon “ensidan yo kapab rapòte” ye?

- Yon “ensidan” defini kòm yon aksidan oswa yon chòk ki gen konsekans sou sante oswa sekirite yon moun k ap resevwa sèvis yo. Yon ensidan enpòtan defini kòm yon ensidan ki gen posiblite pou lakòz domaj sou sante, sekirite oswa eta sante yon moun k ap resevwa sèvis yo.
- Yon “ensidan yo kapab rapòte” defini kòm konduit yon rapòtè mandate ki gen obligasyon pou rapòte ensidan an ba Sant Jistis Eta New York pou Pwoteksyon Moun ki Gen Bezwen Espesyal (NYS Justice Center for the Protection of People with Special Needs) (Sant Jistis). Konduit sa a gen ladan abi, neglijan, ak ensidan enpòtan.

### Kimoun k ap resevwa yon avi si te gen yon ensidan?

- Yon sant medikal ap kontakte moun kalifye a (yo) nan telefòn pou fè yo konnen aksidan oswa chòk k ap gen konsekans sou sante oswa eta sante yon moun k ap resevwa sèvis nan 24 èdtan apre premye rapò ensidan an.
- Si yon moun ki kalifye mande sa, sant medikal la dwe bay yon kopi rapò ensidan an alekri san pèdi tan.
- Sant medikal la dwe ofri pou rankontre avèk moun ki kalifye a pou diskite sou ensidan an.

### Kimoun k ap resevwa enfòmasyon sou aksyon ki fèt pou rezoud yon ensidan?

Direktè sant medikal dwe bay moun ki kalifye (yo) yon rapò alekri sou aksyon imedyat yo fè pou rezoud ensidan an (pa egzanp, etap ki fèt pou pwoteje moun ki konsène a) nan 10 jou apre premye rapò sou ensidan an.

### Èske gen lòt dosye oswa dokiman ki disponib sou ensidan an?

Lwa Jonathan egzije sant medikal yo pou yo bay dosye ak dokiman ki konsène akizasyon ak ankèt nan abi, neglijan ak ensidan enpòtan (ensidan yo dwe rapòte) ba moun ki kalifye yo sou demann alekri.

Nan fen yon ankèt sou yon ensidan abi oswa neglijan yo rapòte ba Sant Jistis la, Sant Jistis la ap voye yon

avi ba moun ki resevwa sèvis la oswa ba reprezantan pèsònèl moun nan sou rezilta ankèt la. Rapò sou abi ak neglijan yo swa jistifye oswa pa jistifye.

Sou demann alekri yo fè ba founisè sèvis la, moun ki kalifye a (yo) ka jwenn dosye ak dokiman ki gen pou wè ak ankèt sou yon ensidan abi oswa neglijan yo rapòte ba Sant Jistis la nan 21 jou apre finisman ankèt la.

### Èske yo kapab pa divilge nenpòt enfòmasyon?

Wi. Non oswa enfòmasyon ki idantifye lòt moun ki resevwa sèvis yo ak anplwaye yo ap efase sof si moun sa yo bay otorizasyon pou divilge non yo.

Lwa oswa règleman federal ka mete kèk restriksyon siplemantè sou divilgasyon dosye oswa enfòmasyon ki nan dosye yo. Pa egzanp, lwa federal entèdi founisè sèvis OASAS pou yo divilge nenpòt dosye oswa enfòmasyon ki ta idantifye yon moun kòm moun ki resevwa sèvis yo san konsantman espesyal moun ki resevwa sèvis yo (kit se yon adilt kit se yon timoun minè) oswa yon lòd tribinal ki konfòm avèk lwa federal la. Si yon pasyan se yon timoun minè epi si l ap resevwa sèvis yon paran oswa yon responsab legal te bay konsantman li tou, timoun minè ak paran an oswa responsab legal dwe bay konsantman yo alafwa pou divilge enfòmasyon yo.

### Kijan demann yo ta dwe fèt pou dosye ak dokiman yo?

Demann pou dosye ensidan ak ankèt dwe fèt ba founisè sèvis ki t ap bay sèvis yo pou moun nan lè ensidan an te rive.

Lè Sant Jistis ap fè ankèt sou akizasyon abi oswa neglijan (ensidan yo kapab rapòte), Sant Jistis la ap kowòdone avèk founisè sèvis la yon fason pou divilgasyon dosye ak dokiman yo ap fèt annamoni avèk Lwa Jonathan ak Lwa sou Pwoteksyon Moun ki Gen Bezwen Espesyal (Protection of People with Special Needs Act).

### Kilè y ap mete dosye yo disponib?

Lè moun ki kalifye a (yo) fè yon demann alekri pou dosye ak dokiman ki gen pou wè ak yon ensidan yo kapab rapòte, sant medikal la dwe bay yon repons pou demann sa a nan 21 jou apre finisman yon ankèt.